

# KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

6 JEN 2016

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Pati I ak II a nan tiliv egzamen sa a.

**Pati I** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen 14 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W POU FÈ SA.**

## ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen an. Apre chak kesyon, gen twa (3) oswa kat (4) repons, ki gen nimewo A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

**S-2** Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Pati I

1 Ki lis ki gen sèlman **bagay** ki pa vivan?

- A pyès monnen, koulèv, zwazo
- B dlo, wòch, solèy
- C balon kawotchou, plant, kay
- D sòl, pwason, lè


2 Yon egzanp yon konpòtman ou aprann

- A kondi yon oto
- B gen zye ble
- C tranble nan freddi
- D respire lè

3 Kèk zwazo fè nich yo nan sezon prentan. Konstwiksyon nich sa a se yon adaptasyon sezonye ki fèt pou ede zwazo yo

- A vole nan sid
- B jwenn manje
- C pwoteje jèn zwazo yo
- D siviv pandan sezon prentan an

4 Dyagram ki anba la a montre kat (4) estrikti plant.



Ki estrikti plan ki pran dlo ak eleman nitritif plant lan itilize pou grandi?


- A flè
- B fèy
- C tij
- D rasin

- 5 Dyagram ki anba la a montre yon modèl yo itilize pou ede moun fè chwa manje ki bon pou sante yo.



Ki bon abitud manje modèl sa a ankouraje?

- A fè egzèsis fizik souvan
  - B manje yon rejim alimantè ki balanse
  - C evite sibstans nuizib yo
  - D lave men ou
- 6 Dyagram ki anba la a montre grenn ki nan de (2) plant diferan.



Chak grenn semans tache nan yon estrikti ki ede grann nan

- A jwenn dlo
- B pwodui manje
- C dispèse (simaye)
- D kapte limyè solèy la

7 Dyagram ki anba la a montre yon zwazo. Senbòl 🎵 reprezante zwazo a k ap fè son (chante).



Ki konpòtman bèt zwazo k ap chante a demontre?

- A k ap pran eleman nitrisyon
- B eliminasyon dechè
- C repwodiksyon
- D kominikasyon

8 Kisa yon dekonpozè ye?

- A yon bagay vivan ki dekonpoze òganis ki mouri
- B yon bagay vivan ki fè manje pa li
- C yon bèt ki manje plant vivan
- D yon bèt ki fè lachas lòt bèt

9 Fouri yon rena aktik chanje koulè mawon pou vin blan lè sezon livè ap rive. Sa a se yon egzanp


- A kamouflaj
- B ibènasyon
- C migrasyon
- D mouvman

**Remake kesyon 10 la gen twa (3) chwa sèlman.**

- 10** Kèk zwazo viv nan yon forè. Si yo koupe anpil nan pyebwa ki nan forè a,abri pou zwazo yo ap
- A diminye
  - B ogmante
  - C rete menm jan
- 11** Kò imen jwenn enèji li bezwen pou kwasans ak reparasyon dirèkteman nan
- A sòl
  - B manje
  - C limyè solèy
  - D dlo
- 12** Yon egzanp matyè se
- A son
  - B limyè
  - C chalè
  - D dlo
- 13** Ki aktivite imen ki gen souvan yon efè **nuizib** sou anviwònman an?
- A resiklaj papye ak plastik
  - B monte yon bisiklèt pou ale lekòl
  - C ede grenn yo jèmen
  - D jete fatra nan yon kouran dlo
- 14** Kantite èdtan ki gen solèy nan Eta New York chanje avèk
- A sezon ane a
  - B aparans Lalin nan k ap chanje
  - C direksyon van an
  - D lè yon move tanpèt rive




- 15** Dyagram ki anba la a montre yon balans. Kote *A* gen senk (5) blòk epi kote *B* gen twa (3) blòk. Mas chak blòk endike an gram (g).



Yon elèv kapab balanse kote *A* ak *B* depi li

- A deplase 200 g nan kote *A* pou mete li nan kote *B*
  - B deplase 200 g nan kote *B* pou mete li nan kote *A*
  - C deplase 100 g nan kote *A* pou mete li nan kote *B*
  - D deplase 100 g nan kote *B* pou mete li nan kote *A*
- 16** Ki pwosesis ki fèt lè wòch yo ak sòl la glise desann nan yon montay?
- A ewozyon
  - B migrasyon
  - C resiklaj
  - D antretyen

- 17** Dyagram ki anba la a montre yon vantilatè ki itilize enèji pou fè lè a sikile nan yon chanm.



Ki fòm enèji ki lakòz lam vantilatè a vire?

- A chimik
- B elektrik
- C chalè
- D limyè

- 18** Ki inite metrik yo itilize pou dekri longè yon objè?

- A gram (g)
- B mililit (mL)
- C santimèt (cm)
- D degre Sèlsiyis ( $^{\circ}\text{C}$ )

- 19** Ki pwopriyete yon objè ou kapab dekri kòm lis?

- A koulè
- B odè
- C gwosè
- D teksti


**20** Yon pwopriyete likid yo sèke yo gen yon

- A fleksibilite ki defini
- B tanperati ki defini
- C volim ki defini
- D fòm ki defini

**21** Ki koulè chemiz lan k ap reflete pi plis limyè nan yon jounen ki gen solèy?

- A nwa
- B ble
- C wouj
- D blan

**22** Dyagram ki anba la a montre yon moun k ap limen yon alimèt. Pou fè sa, moun nan fwote alimèt la sou yon sifas solid.



Ki fòm enèji moun nan itilize pou limen alimèt la?

- A solè
- B son
- C elektrik
- D mekanik

**23** Dyagram ki anba la a montre yon vè likid ki gen glas yo mete vè a nan yon fenèt ki gen solèy. Goutlèt dlo fòme sou deyò vè a.



Ki pwosesis ki te lakòz goutlèt dlo yo fòme sou deyò vè a?

- A kondansasyon
- B evaporasyon
- C presipitasyon
- D ekoulman

**24** Yon elèv lanse yon balon anlè. Ki fòs ki lakòz balon an tonbe pou retounen atè?

- A gravite
- B mayetis
- C mekanik
- D friksyon

**25** Lè yon ti gason kanpe sou yon teren nan solèy la, anjeneral li kapab wè

- A pwa li
- B tanperati li
- C refleksyon li
- D lonbraj li

26 Ki objè k ap atire pi plis nan yon leman?

- A blòk an bwa
- B vè plastik
- C klou metal
- D biy vè

27 Dyagram *A* ak *B* ki endike anba la yo montre yon elèv k ap deplase menm bwat yo nan de (2) fason diferan. Nan dyagram *B*, elèv la itilize wou, ki se pati yon machin senp.



A



B

L ap pi fasil pou elèv la itilize wou yo pou li pouse bwat yo nan dyagram *B* paske gen

- A mwens mas
- B mwens friksyon
- C plis gravite
- D plis ewozyon

28 Tablo done ki anba la a montre tanperati lè a, an degre Farennayt (°F), yo note a midi pandan senk (5) jou.

**Tanperati Lè a Midi**

Jou	Tanperati Lè (°F)
Lendi	72
Madi	75
Mèkredi	68
Jedi	70
Vandredi	70


Kijan tanperati a te **pi ba** a midi nan mèkredi pase a mid nan lendi?

- A 2°F
- B 4°F
- C 6°F
- D 8°F

29 Nan yon vwayaj edikatif, yon elèv kenbe yon krapo epi li rapòte po a glise. Sa a se yon egzanp

- A yon mezi
- B yon prediksyon
- C yon eksplikasyon
- D yon obsèvasyon

30 Kat jewografik ki anba la a montre kèk kondisyon metewolojik nan senk (5) kote diferan nan yon sèl jou nan Etazini.



Ki tanperati nan kote sou kat jewografik la kote gen presipitasyon likid?


- A 28°F
- B 40°F
- C 50°F
- D 65°F

\*\*\*\*\*

## Pati II

*Enstriksyon* (31–44): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

**31** Yon gwoup elèv te fè yon eksperyans koule-oswa-flote avèk sis (6) objè diferan nan yon bokit dlo. Dyagram ki anba la a montre rezilta yo.



Itilize dyagram nan pou ranpli tablo ki anba la a. Mete yon **X** nan kolòn ki kòrèk la pou chak objè pou endike si li te koule oswa flote nan dlo a. [1]

Objè	Te koule	Te flote
bato ajil		
balon ajil		
kanna plastik		
vè plastik		
kiyè metal		
klou metal		



**32** Tablo done ki anba la a montre lè solèy la leve pandan anpil jou nan mwa out 2012.

**Tablo Done**

<b>Jou</b>	<b>Lè Solèy la leve</b>
Jou 1	6:00 a.m.
Jou 4	6:03 a.m.
Jou 7	6:06 a.m.
Jou 10	6:09 a.m.
Jou 13	6:12 a.m.
Jou 16	?

Dapre modèl yo montre ou nan tablo done a, fè prediksyon lè solèy la ap leve pou Jou 16. [1]


\_\_\_\_\_ **a.m.**

**33** Imen yo itilize diferan estrikti kò pou yo pran sant anviwònman yo. Tablo ki anba la a bay lis senk (5) obsèvasyon yon elèv te fè sou yon moso fwi, avèk senk (5) sans yo. Ranpli tablo a. Pou fè sa, idantifye estrikti kò ki sèvi pou fè **chak** obsèvasyon. Yo montre ou estrikti kò ki sèvi pou obsève touche. [1]

**Obsèvasyon Fwi a ki Fèt avèk Senk (5) Sans yo**

<b>Obsèvasyon Fwi</b>	<b>Sans</b>	<b>Estrikti Kò ki Sèvi pou Fè Obsèvasyon sa a</b>
sifas lis	touche	po
ki gen fwi	odè	
koulè wouj	vizyon	
fè yon son lè li tonbe	odisyon	
dous	gou	

34 Yo montre ou twa (3) sik lavi nan dyagram ki anba la yo. Nan chak sik lavi, yo make yon etap A, B, oswa C.



(Pa trase selon echèl la)

Chak dyagram ki anba la a montre yon etap nan youn nan twa (3) sik lavi sa yo. Anba chak dyagram, mete lèt nan dyagram anwo a ki montre nan ki sik lavi li fè pati. [1]




\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Sèvi ak dyagram ak eksperyans ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 35 ak 36.

Yon elèv te mete de (2) plant, *A* ak *B*, toupre yon fenèt ki gen solèy pou li etidye kwasans plant lan. Plant *A* ak *B* se te menm kalite plant lan epi yo te resevwa menm kantite dlo a. Plant *B* te kouvri avèk yon bwat ki te gen yon twou ki koupe sou kote li. Rezilta yo apre anpil semèn prezante nan dyagram nan.



**35** Eksplike pou kisa plant *B* te grandi soti nan twou ki nan bwat la. [1]

---

---

---

**36** Eksplike pou kisa elèv la te mete plant *A* nan eksperyans lan. [1]

---

---

---

\*\*\*\*\*

**37** Dekri **yon** chanjman ki pral fèt nan yon pye chèn nan Eta New York kòm rezon chanjman an ant sezon lotòn ak livè. [1]

---

---


**38** Tablo ki anba la a dekri de (2) diferan mouvman Latè. Idantifye de (2) mouvman sa yo nan Latè. Pou fè sa, ekri chak mo nan bwat ki anba nan espas vid ki toupre deskripsyon li. [1]

<b>wotasyon</b> <b>revolisyon</b>
--------------------------------------

<b>Deskripsyon Mouvman Latè</b>	<b>Non Mouvman Latè</b>
Latè deplase nan yon direksyon toutotou Solèy la, sa ki fè yon ane.	
Latè vire toutotou yon fwa chak 24 èdtan, sa ki lakòz lajounen ak lannwit.	

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 39 jiska 41. Dyagram nan montre yon chèn alimentè oseyan.

Solèy



(Pa trase selon echèl la)

**39** Ki sous prensipal enèji pou chèn alimentè sa a? [1]

\_\_\_\_\_

**40** Ki òganis nan rezo alimentè sa a ki se yon pwodiktè? [1]

\_\_\_\_\_




**41** Idantifye òganis nan chèn alimentè sa a ki se yon predatè ak yon viktim alafwa. [1]

\_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

42 Dyagram ki anba la yo montre twa (3) machin senp diferan. Itilize twa (3) tèm nan bwat la pou ranpli tablo a. Pou fè sa, idantifye **chak** machin senp yo montre ou a. [1]

levye  
plan encline  
pouli

Dyagram	Machin Senp
	
	
	

**43** Dyagram ki anba la a montre yon flach. Yon flach itilize enèji ki konsève nan pil pou pwodui elektrisite pou limen anpoul la.



Lè yon elèv limen flach la, limyè a **pa t** pwodui. Bay **de (2)** rezon **diferan** ki fè flach la ta ka kraze epi **pa** pwodui okenn limyè. [2]

Rezon 1: \_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_

Rezon 2: \_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_



44 Imaj ki anba la yo montre yon zòn anvan ak apre te gen yon evènman natirèl ekstrèm.



Anvan



Apre

Idantifye **yon** evènman natirèl ekstrèm ki te kapab lakòz zòn nan sanble avèk sa li ye nan imaj *Apre* a. [1]

---

\*\*\*\*\*





# GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

## Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman Part II Credit

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>1</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>1</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>1</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>43</b>	<b>2</b>	
<b>44</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	